



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 2 jiyè 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO LONMEN “KOMISYON MORELAND POU MENNEN ANKÈT SOU KORIPSYON PIBLIK,”  
AVÈK PWOKIRÈ JENERAL SCHNEIDERMAN KI DEZIYEN MANM KOMISYON AN KÒM PWOKIRÈ JENERAL  
ADJWEN**

***Komisyon Bipatit la Pral Gen Ladan Tèt Lapolis, Ki Fòm avèk Ansyen Pwokirè Etazini yo, Pwokirè  
Distri ki Sòti Toupatou nan Eta a ak Espè politik nan Eleksyon***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse fòmasyon “Komisyon pou Mennen Ankèt sou Koripsyon Piblik” anba Lwa Moreland ak Seksyon Lwa Egzekitif 63(8) pou mennen ankèt sou koripsyon piblik ak sou aparans koripsyon nan gouvènman eta a, nan kanpay politik yo ak nan eleksyon yo nan Eta New York. Pwokirè Jeneral Eric Schneiderman te anonse li pral lonmen manm Komisyon an kòm Pwokirè Jeneral Adjwen, pou bay Komisyon otorite jeneral pou mennen ankèt sou tout zafè ki “konsène lapè piblik, sekirite piblik, ak lajistis piblik.” Dapre Dekrè Egzekitif la, Komisyon an pral gen pouvwa tou pou voye asiyasyon pou moun prezante, epitou l ap egzamine temwen sou sèman yo ak asiyasyon pou bay nenpòt dosye ki nesèsè. Aksyon Gouvènè a vini apre plizyè dènye ensidan koripsyon ki pwouve ak sipoze ak move konduit ofisyèl piblik ki montre dènye lwa yo pa konvnan epi refòm yo nesèsè pou bay pwoteksyon kont abi, pou asire gen responsablite nan gouvènman an, pou satisfè bezwen pou refòm nan lwa nou yo sou finansman kanpay elektoral, epitou pou vin gen konfyans ak kredibilite nan gouvènman eta a ak nan eleksyon eta a.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Nou dwe derasinen koripsyon nan politik ak nan gouvènman an. Nan sesyon sa a, mwen mete devan pake lejislatif jeneral ak dinamik ki pa t janm genyen nan Albany nan dènye deseni yo pou rezoud pwoblèm enfliyans lajan k ap simaye nan eleksyon yo, pou ranfòse mwayen pwokirè yo pou batay kont koripsyon, pou ogmante sanksyon kont moun ki vyole konfyans piblik la, epitou pou bay elektè yo plis aksè nan bwat bilten an. Okòmansman, mwen te di mwen pa ta akseptè yon apwòch ki redui pou netwaye Albany epi Lejislati a dwe swa vote pake lejislatif sa a oswa mwen ta kreye yon komisyon ankèt ki gen responsablite pou reyalize menm objektif yo pou fè refòm nan. Depi lè Lejislati a pa t fè aksyon, jodi a mwen kreye fòmèlman yon Komisyon pou Mennen Ankèt sou Koripsyon Piblik dapre Lwa Moreland ak Seksyon 63(8) Lwa Egzekitif la k ap reyini pi bon lespri yo nan lapolis la ak nan politik piblik toupatou nan New York pou abòde feblès nan koripsyon piblik Eta a, nan eleksyon yo

Haitian Creole

ak nan lwa sou finansman kanpay elektoral, pou kreye transparans ak responsablite, epitou pou nou gen konfyans piblik la ankò.”

Pwokirè Jeneral Schneiderman di konsa, “Nouyòkè yo bezwen yon vrè refòm, epi yo espere ak merite pou ofisyèl yo mete nan fonksyon yo travay pou sèvi enterè piblik la, pa enterè yo. Komisyon an ap kapab fè yon ankèt depi anwo pou rive anba sou gouvènman New York, epi pou vanse pidevan pou repare pwosesis politik ki pa bon nou an, pou ranfòse demokrasi reprezantatif la, epitou pou bay Nouyòkè yo kalite dirijan yo merite a.”

Ko-Prezidan William J. Fitzpatrick di konsa, “Lè Gouvènè Cuomo reyini Komisyon Moreland sa a sou Koripsyon Piblik, li pran yon mezi ki dinamik ak nesèsè pou ranfòse lwa nou yo yon fason pou nou kapab batay kont koripsyon avèk plis efikasite nan gouvènman Eta New York la. Komisyon an pral yon enstitisyon pisan pou derasinen moun k ap pran avantaj ak twonpe piblik la. Mwen kontan pou patisipe nan efò Gouvènè a pou jwenn konfyans piblik la ankò nan gouvènman an epitou pou amelyore demokrasi nou an. Li mete ansanm yon ekip pwokirè prensipal ak espè nan politik mwen fyè pou travay avèk yo, epitou ansanm n ap travay pou netwaye Albany yon fwa pou tout.”

Ko-Prezidan Kathleen Rice di konsa, “Gouvènè Cuomo endike aklè koripsyon nan gouvènman New York la p ap tolere. Nan dènye dezan edmi yo, li te sipòte etap pou gen onètete ankò nan gouvènman an eta a, epi nan dènye sesyon lejislatif pase sa a, li te pwopoze gwo refòm pou batay kont koripsyon piblik epi pou asire eleksyon ki pi jis ak pi onèt. Komisyon Moreland sou Koripsyon Piblik pral reyalize objektif enpòtan sa yo lè yo mennen yon ankèt apwofondi ak lè yo revize lwa ki la deja pou nou kapab jwenn fason pou amelyore yo ak pwoteje dwa Nouyòkè yo. Mwen di Gouvènè a mèsì pou kalite dirijan li sou zafè enpòtan sa a, epi mwen espere travay avèk nan pi bon pwofesyonèl lapolis ak pwofesyonèl politik piblik ki nan eta sa a.”

Ko-Prezidan Milton L. Williams, Jr. di konsa, “Kilti koripsyon nan Albany nuizib pou konfyans Nouyòkè yo nan gouvènman yo, epi yon bagay dwe fèt pou kreye chanjman Williams, Jr. Se yon lonè pou mwen pou travay avèk Gouvènè a, Pwokirè Jeneral ak Manm Komisyon kamarad mwen yo pou mennen ankèt ak ekspoze pwoblèm yo, epitou pou nou alatèt refòm yo. Travay komisyon istorik sa a p ap fèt jouk lè nou gen konfyans piblik la ankò. Moun ki abize konfyans sa a ap jwenn avi pou sa.”

Komisyon ki pral Mennen Ankèt sou Koripsyon Piblik la ap gen tout otorite pou mennen ankèt anba Lwa Moreland ak Seksyon 63(8) Lwa Egzekitif la. Komisyon ansyen gouvènè yo te kreye anvan yo, tankou Gouvènè Mario Cuomo, Thomas Dewey, ak Nelson Rockefeller, te mennen ankèt pou dekouvri reyalite ki konsène koripsyon ak move kondisyon nan anpil domèn diferan, tankou, pa egzanp, sèten endistri prive, gouvènman lokal, ajans eta, kanpay politik pou biwo Eta a ak pati politik yo. Ansyen komisyon sa yo bay bon rannman pou Komisyon an Mennen Ankèt sou jiridiksyon jeneral Koripsyon Piblik. Pwoblèm nan asiyasyon Komisyon yo pou prezante te gen ladan ofisyèl lokal, moun nan sektè prive a, ak pati politik yo, epi Tribinal yo te rejte yo nan chak ka.

Komisyon ki pral Mennen Ankèt sou Koripsyon Piblik la ap gen responsablite pou revize konpetans lwa, règleman ak pwosedi leta ki la deja yo ki konsène move kondisyon ki pa etik epi ki ilegal ofisyèl piblik yo fè ak pwosesis elektoral ak lwa sou finansman kanpay elektoral. Komisyon an pral egzamine tou si yo te aplike lwa ki la deja yo onètman epi avèk fòs, epi ki chanjman ki dwe fèt nan ranfòsman an. Pandan ankèt Komisyon an, l ap revize tou dènye egzanp move konduit ofisyèl yo pou detèmine kòz ak konpetans lwa ak zouti ranfòsman yo pou evite ak pini kalite move konduit sa a pidevan avèk plis efikasite. Komisyon an dwe fè rekòmandasyon pou ranfòse ak amelyore lwa ak pwosedi ki la deja yo.

Kèk nan domèn kote Komisyon an pral konsantre ankèt li se, men pa sèlman:

- Lwa kriminel pou koripsyon ak move konduit ofisyèl piblik yo, tankou lwa kont lajan anba-tab
- Finansman kanpay elektoral tankou, men pa sèlman, limit kontribisyon ak lòt restriksyon; divilgasyon kontribisyon ak depans twazyèm pati; ak efikasite lwa ki la deja sou finansman kanpay elektoral.
- Konfòmite deyò òganizasyon ak moun ki gen lwa ki la deja sou fason pou fè lòbi, tankou, men pa sèlman, òganizasyon ki angaje nan fè lòbi ak lòt efò pou enflyanse politik piblik yo ak eleksyon yo, ak efikasite lwa sa yo.
- Konpetans ak ranfòsman lwa sou eleksyon eta a ak pwosesis elektoral la, tankou: estrikti ak konpozisyon Komisyon Eleksyon Eta ak Konte a, Komisyon ranfòsman Eleksyon yo, ak efikasite lwa ki la deja sou eleksyon yo ak konfòmite avèk lwa yo.

Pandan ankèt li a, Komisyon an gen obligasyon pou kominike nenpòt prèv vyolasyon lwa ki la deja yo touswit ba ajans lapolis apwopriye, tankou Pwokirè Jeneral la. Nan ka sa yo, Lapolis Eta a ap fè rekòmandasyon jiridiksyon ba Pwokirè Jeneral la, kote li apwopriye.

Komisyon an ap pibliye yon premye rapò sou premye rezilta li yo ak rekòmandasyon anvan 1ye desanm 2013.

### **Komisyon ki Dwe Mennen Ankèt sou Koripsyon Piblik (Komisyon Moreland) Gen Ladan:**

#### **Ko-Prezidan:**

*Kathleen Rice* te vin Pwokirè Distri Konte Nassau nan ane 2006. Anvan li te vin premye fanm nan istwa Long Island ki te pase nan eleksyon kòm pwokirè distri a, Rice te sèvi kòm yon Asistan Pwokirè Etazini nan Philadelphia. Rice te kòmanse karyè li kòm yon pwokirè nan Biwo Pwokirè Distri Brooklyn, kote li t ap pouswiv nan lajistis ka vyolans nan kay yo, kadejak ak vòl avèk zam, epi pita, ka ansasinay. D.A. Rice diplome nan Catholic University of America ak nan Touro Law School.

*William J. Fitzpatrick* te sèvi kòm Pwokirè Distri Konte Onondaga pou dènye 28 ane yo. Anvan li te sèvi kòm Pwokirè Distri a, li te yon avoka defans. Nan ane 2007, D.A. Fitzpatrick te jwenn nominasyon li kòm reprezantan Eta New York nan Asosyasyon Nasyonal Pwokirè Distri, epi li te pase nan eleksyon kòm Sekretè nan ane 2011. Nan ane 2010, Jij Prensipal Eta New York, Jonathan Lippman te lonmen D.A. Fitzpatrick nan Komisyon Santans Pèmanan Eta New York. Li diplome nan Syracuse University ak nan Syracuse University Law School.

*Milton L. Williams, Jr.* te antre nan antrepriz Vladeck, Waldman, Elias & Engelhard kòm yon patnè nan mwa janvyè 2009. Anvan li te antre nan antrepriz la, Mesye Williams se te yon Avoka Jeneral Adjwen ak Chèf Konfòmite nan Time Inc. Anvan li te travay nan Time, Mesye Williams te nan pratik prive, epi li t ap sèvi kòm Pwokirè Adjwen Etazini nan Distri Sid New York. Dènye inite kote li te afekte nan Biwo Pwokirè Etazini se te Gwoup Travay pou Fwod nan Tit ak Matyè Premyè. Anvan li te vin yon pwokirè federal, Mesye Williams te yon Asistan Pwokirè Distri nan Biwo Pwokirè Distri Konte New York. Milt te jije plis pase senkant ka (sivil ak kriminel) pou rive nan vèdik. Li diplome nan Amherst College ak nan University of Michigan Law School nan Ann Arbor.

### **Manm Komisyon yo:**

**J. Patrick Barrett** te Direktè Jeneral CARPAT Investments depi ane 1987. Li t ap sèvi anvan kòm Prezidan Telergy, Inc. ak kòm Direktè Jeneral Avis, Inc. Byen bonè nan karyè biznis li, li te sèvi kòm yon Vis-Prezidan Egzekitif ak Chèf Finansye Norton Simon, Inc. Mesye Barrett te nan pòs travay Norton Simon apre yon karyè long nan Carrier Corporation, kote li te sèvi nan plizyè pòs travay, apati Asistan Trezorye nan ane 1964 epi li te monte nan plas Prezidan Carrier International Corporation nan ane 1977. Nan ane 1989, li te pase nan eleksyon kòm Prezidan komite Repliken Eta New York, yon pòs li te kenbe jouk nan ane 1991. L ap sèvi kounye a kòm Prezidan Konsèy Administrasyon Devlopman Rejyonal Olenpik. Mesye Barrett diplome nan Siena College.

**Richard Briffault** se Pwofesè Lejislasyon Joseph P. Chamberlain nan Columbia Law School. Domèn ansèyman primè li, rechèch ak redaksyon se lwa gouvènman eta ak gouvènman lokal ak lwa pwosesis politik. Anvan li te antre nan fakilte Columbia nan ane 1983, li te yon Asistan Konseye pou Gouvènè Eta New York. Li te sèvi kòm direktè egzekitif Komisyon Espesyal sou Refòm Finansman Kanpay Elektoral Asosyasyon Bawo Vil New York, ak yon konsiltan pou Komisyon Revizyon Manman Lwa Vil New York ak nan Komisyon Eta New York pou Revizyon Konstitisyonèl. Pwofesè Briffault te ale nan Columbia University ak nan Harvard Law School.

**Daniel J. Castleman** se yon direktè jeneral nan pratik Konsiltasyon Lejis ak Konfli nan FTI Consulting epi li baze nan New York. Anvan li te antre nan FTI Consulting, Mesye Castleman te pase prèske 30 ane nan Biwo Pwokirè Distri Konte New York. Mesye Castleman te kòmanse karyè li la nan ane 1979 kòm yon jij koudapèl ak pwokirè pou krim nan lari. Answit, li te vin yon Avoka Ankèt Anchèf nan Biwo Rackets pou rezoud koripsyon politik ak dosye krim òganize. Apre twa ane, Mesye Castleman te vin Chèf Biwo Rackets nana ne 1990. Nan ane 1993, Mesye Castleman te jwenn pwomosyon kòm Chèf Divizyon Ankèt. Mesye Castleman te vin answit Asistan Pwokirè Prensipal Distri a nan ane 2008. Mesye Castleman gradye nan University of Wisconsin-Madison ak nan Columbia Law School.

**Derek P. Champagne** te vin Pwokirè Distri Konte Franklin nan ane 2002. Anvan li te sèvi kòm Pwokirè Distri a, D.A. Champagne te yon Ofisyè Ladwàn Etazini, li te sèvi kòm Pwokirè Vilaj nan Malone, New York, epitou li te yon Asistan Pwokirè Distri epi pita Chèf A.D.A. pou Konte Franklin. L ap sèvi kounye a kòm Prezidan Komisyon Asosyasyon Pwokirè Distri Eta New York, kòm Vis-Prezidan Komisyon Santans Eta New York, kòm yon manm Gwoup Travay sou Jistis Eta New York, epitou kòm yon manm Komite

Konsiltatif Jij Prensipal pou Pwosedè Kriminèl ak Lwa Kriminèl. Li te sèvi anvan kòm Prezidan Asosyasyon Pwokirè Distri Eta New York. D.A. Champagne gradye nan St. Bonaventure University ak nan Franklin Pierce Law School nan University of New Hampshire.

**Eric Corngold** alatèt pratik kabinè avoka Friedman Kaplan Seiler & Adelman, LLP pou defans kriminèl ak ankèt sou anplwaye biwo. Kòm Asistan Pwokirè Jeneral Egzekitif Eta New York pou Jistis Ekonomik ant ane 2007 ak 2009, Mesye Corngold te konseye prensipal pou Pwokirè Jeneral New York sou konfli ak politik konsènan mache finansye, zafè antitwòs, fwod sosyete ak konsomatè ak lojman. Anvan tan li te pase nan Biwo AG, Mesye Corngold te yon Asistan Pwokirè Etazini nan Distri Lès New York pandan plis pase yon deseni, finalman li y ap sèvi kòm Chèf Divizyon Kriminèl. Mesye Corngold se yon Pwofesè adjwen Dwa nan St. John's University School of Law, kote li anseye yon kou sou krim anplwaye biwo. Mesye Corngold gradye nan Swarthmore College ak nan Yale Law School.

**Kathleen B. Hogan** te sèvi kòm Pwokirè Distri Konte Warren depi ane 2002, epi li se premye fanm ki nan pòs travay la. Byen bonè nan karyè li, D.A. Hogan te travay kòm yon Asistan Pwokirè Distri nan Brooklyn, ak nan pratik prive nan Fitzgerald, Morris, Baker, ak Firth, P.C. D.A. Hogan te sèvi nan Gwoup Travay Jistis Jij Prensipal Jonathan Lippman, Komisyon Santans ak Gwoup Travay Jistis Timoun. Li te sèvi kòm prezidan Asosyasyon Pwokirè Distri Eta New York ant ane 2009 ak 2010. D.A. Hogan te ale nan St. Lawrence University ak nan Washington and Lee University School of Law.

**Nancy Hoppock** se Direktè Egzekitif NYU Center pou Administrasyon Lwa Kriminèl. Anvan li te antre nan NYU, Madam Hoppock te sèvi kòm Pwokirè Jeneral Egzekitif Adjwen pou Jistis Kriminèl nan Biwo Pwokirè Jeneral New York pou sipèvize Biwo Onètete Piblik, Biwo Pouswit Kriminèl, Gwoup Travay Krim Òganize, Inite Kontwòl Fwod nan Medicaid, Inite Pwoteksyon Kontribiyab, ak Divizyon Ankèt. Anvan li te antre nan Biwo Pwokirè Jeneral la, Madam Hoppock te sèvi kòm yon Asistan Pwokirè Etazini nan Biwo Pwokirè Etazini nan Distri New Jersey ant ane 2001 ak 2010. Pandan fonksyon li nan Biwo Pwokirè Etazini, Madam Hoppock te jwenn pwomosyon pou sipèvize Inite Fwod Gouvènman an, answit li te vin yon Chèf Adjwen Divizyon Kriminèl, epi pita li te vin Chèf Divizyon Kriminèl. Madam Hoppock te kòmanse karyè li nan Biwo Pwokirè Distri Konte New York, kote li te pase sèt ane kòm Asistan Pwokirè Distri nan divizyon pwosè. Li te resevwa B.A. li nan University of Delaware ak diplòm dwa li nan Seton Hall Law School.

**Seymour W. James, Jr.**, se Pwokirè ki Responsab pratik kriminèl The Legal Aid Society nan Vil New York. Mesye James te fini manda li kòm Prezidan Asosyasyon Bawo Eta New York. Mesye James ki te aktif nan Bawo Eta a depi ane 1978 t ap sèvi kòm trezorye ant ane 2008 ak 2011. Li se yon manm Fondasyon Bawo New York ak yon manm konsèy direktè Asosyasyon Defansè Eta New York. Mesye James se yon ansyen prezidan Asosyasyon Bawo Konte Queens. Anplis aktivite asosyasyon bawo li, Mesye James se yon manm Gwoup Travay Jistis Jij Prensipal Jonathan Lippman, Komisyon Pèmanan Santans Eta New York, Komite Disiplinè Depatman pou Premye Depatman Jidisyè, Komite sou Kalite Moral ak Konpetans pou Dezyèm Depatman Jidisyè, ak Komisyon Kalifikasyon Eleksyon Jidisyè Endepandan pou Dezyèm Depatman Jidisyè. Li sèvi tou kòm sekretè Asosyasyon Koreksyonèl. Mesye James gradye nan Brown University ak Boston University School of Law.

Haitian Creole

**David Javdan** se yon Direktè Jeneral nan Alvarez & Marsal. Anvan li te antre nan Alvarez & Marsal, Mesye Javdan te Avoka Jeneral Administrasyon Ti Biznis Ameriken. Mesye Javdan te sèvi kòm yon manm Komite Konsiltatif sou Acha, ki revize ak pwopoze chanjman nan lwa federal yo sou acha. Li te yon manm konsèy direktè Depatman Operasyon Labank Eta New York tou, epi li te sèvi anvan kòm Konseye Espesyal pou Sena Eta New York sou Olokos ak pwoblèm Swen Sante. Anvan li te antre nan Administrasyon Ti Biznis Ameriken, Mesye Javdan te yon avoka nan kabinè avoka Stroock & Stroock & Lavan. Mesye Javdan gradye nan Columbia University ak nan Fordham Law School.

**Robert Johnson** te Pwokirè Distri Konte Bronx depi ane 1989. Li se premye Pwokirè Distri Ameriken Nwa nan istwa Eta New York, nan ane 2005, li te vin Pwokirè Distri ki te sèvi pandan lontan nan istwa Bronx. Li te kòmanse karyè li kòm yon avoka defans kriminel pou Legal Aid Society, epi pita li te vin yon Asistan Pwokirè Distri Bronx. Li te sèvi tou kòm yon Jij Tribinal Kriminèl Vil New York, ak kòm Jij Pwovizwa Tribinal Siprèm Eta New York. D.A. Johnson, yon Veteran Lamarin Etazini, se ansyen Prezidan Asosyasyon Pwokirè Distri Eta New York ak yon manm prezan Konsèy Direktè òganizasyon sa a. Li te diplome nan City College of New York ak nan New York University School of Law.

**David R. Jones** se Prezidan ak Direktè Jeneral Sosyete Sèvis Kominotè New York (CSS), yon òganizasyon non-patizan ak non-komèsyal k ap sipòte avansman ekonomik ak patisipasyon sivik okonplè pou Nouyòkè ki pa touche ase revni. Ant ane 1983 ak 1986, li te sèvi kòm Direktè Egzekitif Biwo Jèn Vil New York, epi ant ane 1979 ak 1983, li te Konseye Espesyal pou Majistra Koch, kote li te gen responsablite nan relasyon avèk ras, devlopman iben, refòm imigrasyon ak edikasyon. Li te sèvi nan plizyè konsèy, epitou li te sèvi kòm Prezidan Konsèy Nation Institute, Prezidan Konsèy Carver Federal Savings Bank ak ansyen Prezidan Konsèy Konsiltatif Biwo Bidjè Endepandan Vil New York. Li te sèvi pandan 13 zan nan konsèy administrasyon Wesleyan University, epi kounye a li se yon Administratè Onorè. Anvan karyè li nan òganizasyon non-komèsyal ak sèvis piblik, Mesye Jones te yon avoka nan Cravath, Swaine & Moore. Li diplome nan Wesleyan University ak nan Yale Law School.

**Lance Liebman** se Pwofesè Dwa William S. Beinecke nan Columbia Law School, epi li se direktè American Law Institute pou kounye a. Apre li te sèvi kòm yon Teknisyen Jiridik pou Jij Byron White nan Tribinal Siprèm Etazini, li te pase dezan ap travay sou pwoblèm transpò ak pwoblèm kominote kòm yon asistan pou ansyen Majistra Vil New York, John V. Lindsay. Li te antre nan gwoup pwofesè Harvard Law School nan ane 1970, epi li te rete la pandan 21 ane, kote li te vin yon pwofesè aprentan nan ane 1976, epitou kote li t ap sèvi kòm Dwayen Asosye ant ane 1981 ak 1984. Nan ane 1991, li te ale nan Columbia kòm dwayen lekòl dwa ak kòm Pwofesè Dwa Moses Lucy G. Pwofesè Liebman te diplome nan Yale University ak nan Harvard Law School.

**Joanne M. Mahoney** te pase nan eleksyon nan mwa novanm 2007 kòm premye fanm Egzekitif Konte pou Konte Onondaga. Apre li te pase tan nan pratik dwa prive byen bonè nan karyè li, Egzekitif Konte Mahoney te aksepte yon pòs travay nan Biwo Pwokirè Distri Konte Onondaga epi li te pase senk ane la kòm yon pwokirè kriminel. Nan ane 1999, li te pase nan eleksyon kòm Konseye Jeneral nan Vil Syracuse kote li te sèvi yon manda katran. Egzekitif Konte Mahoney ap viv nan Dewitt. Li te diplome nan Lekòl Jesyon Syracuse University ak nan SU's College of Law.

Haitian Creole

**Gerald F. Mollen** te sèvi kòm Pwokirè Distri Konte Broome depi ane 1987, apre li te sèvi kòm yon Pwokirè Jeneral Adjwen nan Konte Broome depi ane 1980. Anvan ane 1980, D.A. Mollen te travay kòm yon Pwokirè Adjwen Konte ak yon Pwokirè Jeneral Adjwen. Antan Pwokirè Distri, D.A. Mollen te ede kreye yon Ekip Revizyon Milti-Disiplinè pou Abi sou Timoun, Gwoup Travay sou Gang Konte Broome epi, nan ane 2001, Pwogram Prevansyon Gang Konte Broome, epitou li te kreye pwotokòl pou anrejistre entèvyou sispèk lapolis fè depi nan kòmansman pou rive nan fen nan gwo ka krim yo. D.A. Mollen te ale nan Binghamton University ak nan George Washington University Law School.

**Makau W. Mutua** se Dwayen SUNY Buffalo Law School, ak yon Pwofesè Distenge SUNY ak Floyd H. ak Hilda L. Bousye Fakiltè Hurst nan SUNY Buffalo Law School. Li anseye dwa entènasyonal moun, tranzaksyon biznis entènasyonal ak dwa entènasyonal. Dean Mutua se yon Vis-Prezidan Sosyete Ameriken Dwa Entènasyonal ak yon manm Konsèy pou Relasyon Etranje. Ant ane 2002 ak 2003, Dean Mutua te prezidan Gwoup Travay pou Kreyasyon yon Komisyon Verite, Jistis ak Rekonsilyasyon, ki te rekòmande yon komisyon verite pou peyi Kenya. Li ekri plizyè liv, epi li te fè plizyè misyon sou dwa moun, misyon diplomatik ak misyon règ lalwa nan kèk peyi ki an Afrik, Amerik Latin ak Ewòp. Anvan li te antre nan fakiltè a nan SUNY Buffalo Law School, Dean Mutua t ap travay nan Human Rights First, Pwogram Dwa Moun Harvard Law School, ak nan pratik dwa prive. Mutua te fèt nan peyi Kenya, li te ale nan University of Nairobi, University of Dar es Salaam, ak Harvard Law School.

**Benito Romano** se yon patnè kounye a nan Freshfields Bruckhaus Deringer. Pandan ven ane, li te yon patnè ak dirijan gwoup pratik defans anlwaye biwo nan Willkie Farr & Gallagher. Mesye Romano te sèvi anvan kòm Pwokirè Etazini pou Distri Sid New York. Anvan li jwenn nominasyon li kòm Pwokirè Etazini nan ane 1989, Mesye Romano te yon Pwokirè Adjwen Etazini, epi li te sèvi kòm Pwokirè Prensipal pou Koripsyon Piblik ak Pwokirè Prensipal Apèl. Mesye Romano te sèvi tou nan Konsèy Konfli Enterè Vil New York, epitou kòm Prezidan Pwovizwa nan Komisyon Revizyon Manman Lwa a nan ane 1998, ak kòm yon manm ak ansyen prezidan Puerto Rican Legal Defense and Education Fund. Pou kounye a, li se prezidan New York State Interest on Lawyer Account Fund. Li te ale nan New York University ak Columbia University Law School.

**Frank A. Sedita III** te vin Pwokirè Konte Erie nan mwa novanm 2008. Anvan li te vin D.A. li te sèvi kòm yon Asistan Pwokirè Distri ak yon Pwokirè Distri Adjwen nan Konte Erie. D.A. Sedita se yon manm fakiltè adjwen nan SUNY Buffalo Law School, epitou l ap anseye nan National College of District Attorneys, New York Prosecutors Training Institute ak nan Pwogram Fòmasyon Legal Kontini Biwo Pwokirè Distri Konte Erie. Li se yon konferansye ak enstriktè pou ajans pouswit lajistis yo toupatou nan Etazini. D.A. Sedita te diplome nan Canisius College ak nan SUNY Buffalo Law School.

**P. David Soares** te sèvi kòm Pwokirè Distri Konte Albany depi ane 2005. Anvan li te sèvi kòm Pwokirè Distri, li te yon Pwokirè Distri Adjwen nan Konte Albany, ak premye Pwokirè Kominote Konte Albany. Pandan fonksyon li, D.A. Soares te kreye Inite Onètete Piblik ak Krim Finansye nan biwo a. D.A. Soares gradye nan Cornell University ak nan Albany Law School.

**Kristy Sprague** te sèvi kòm Pwokirè Distri Konte Essex depi ane 2009. Anvan li te sèvi kòm D.A., li te yon Pwokirè Distri Adjwen nan Konte Clinton. D.A. Sprague diplome nan SUNY Albany, Plattsburgh State, ak Albany Law School.

**Betty Weinberg Ellerin** se yon avoka prensipal nan kabinè avoka Alston & Bird, LLP. Anvan li te antre nan Alston, Jij Weinberg Ellerin te sèvi pandan plis pase ven ane kòm yon jij. Pandan tan sa a, li te sèvi kòm Jij Administratif Prensipal Adjwen pou Tribinal Vil New York ak kòm Jij Asosye ak Jij Prensipal Divizyon Apèl, Premye Depatman. Justice Weinberg Ellerin te ale nan Washington Square College ak nan New York University School of Law.

**Peter L. Zimroth** se yon patnè nan Arnold & Porter LLP, kote li konsantre sou responsablite pwodui, zafè komèsyal, tit ak krim anplwaye biwo. Anvan li te antre nan antrepriz la, Mesye Zimroth te Avoka Sosyete pou Vil New York. Li te achitèk lwa vil la ki prevwa finansman piblik eleksyon, yon lwa ki te vin modèl pou lejislasyon nan peyi a. Byen bonè nan karyè li, Mesye Zimroth te sèvi kòm yon Asistan Pwokirè Etazini pou Distri Sid New York, Inite Fwod nan Tit, epi kòm Asistan Pwokirè Prensipal Distri nan Manhattan. Mesye Zimroth te yon pwofesè ki te an fonksyon nan New York University School of Law ak yon teknisyen jiridik pou Jij Tribinal Siprèm Abe Fortas. Li diplome nan Columbia University ak nan Yale Law School.

**Thomas P. Zugibe** te pase nan eleksyon kòm Pwokirè Distri Konte Rockland, epi li te pase nan eleksyon ankò pou yon manda katran nan ane 2011. Byen bonè nan karyè li, D.A. Zugibe te travay kòm yon Asistan Pwokirè Jeneral Espesyal nan Biwo Pwokirè Jeneral Adjwen Eta New York pou Kontwòl Fwod nan Medicaid, epi kòm yon Asistan Pwokirè Distri ak Asistan Pwokirè Distri Egzekitif nan biwo D.A. Konte Rockland. Li te travay tou pandan de deseni nan pratik prive, pou konsantre sou chòk pèsonèl ak sou konfli komèsyal. D.A. Zugibe te ale nan Manhattan College ak nan St. John's University School of Law.

### **Konseye Espesyal:**

**Joseph A. D'Amico** se Sipè-Entandan Lapolis Eta New York. Anvan konfimasyon li kòm Sipè-Entandan, Sipè-Entandan D'Amico te sèvi kòm Anketè Prensipal pou Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York, kote li t ap sipèvizè ak kowòdone efò 300 anketè kriminel ak sivil toupatou nan eta a. Anvan sa, Sipè-Entandan D'Amico te gen yon karyè vennsèt ane nan Depatman Lapolis Vil New York, kote li te sèvi nan anpil afektasyon patwouy ak ankèt nan Bronx, Manhattan ak Queens, finalman li te monte nan ran Chèf Adjwen. Li diplome nan State University of New York.

**Raymond W. Kelly** te sèvi kòm Manm Komisyon Lapolis Vil New York depi ane 2002. Manm Komisyon Kelly te ansyen Direktè Jeneral Global Corporate Security at Bear, Stearns & Co. Inc. Anvan sa, li te sèvi kòm Manm Komisyon Sèvis Ladwàn Etazini. Ant ane 1996 ak 1998, Manm Komisyon Kelly te Sou-Sekretè pou Ranfòsman nan Depatman Trezò Etazini. Answit, Mesye Kelly te sèvi nan komite egzekitif la epi li te pase nan eleksyon kòm Vis-Prezidan pou Americas of Interpol, òganizasyon lapolis entènasyonal, ant ane 1996 ak 2000. Nan ane 1994, li te jwenn nominasyon li pou sèvi kòm Direktè Kontwòl Lapolis Entènasyonal an Ayiti. Li se yon veteran karant-twa ane nan NYPD. Manm Komisyon Kelly te diplome

Haitian Creole



nan Manhattan College, St. John's University School of Law ak nan Kennedy School of Government at Harvard University.

**Robert M. Morgenthau** pral sèvi kòm Konseye Espesyal pou Komisyon an. Mesye Morgenthau te Pwokirè Distri pou Pwokirè Distri Konte New York ant ane 1975 ak 2009. Nan nèf manda li nan fonksyon an, ekip li a te fè apeprè 3.5 pouswit lajistis kont kriminèl, epi yo te redui omisid yo nan Manhattan a plis pase 90%. Answit, Mesye Morgenthau se yon moun yo konnen kòm yon dirijan nasyonal nan pouswit anplwaye biwo nan lajistis pou krim. Anvan li te sèvi kòm D.A., Mesye Morgenthau, yon veteran nan Lamarin Etazini, te Pwokirè Etazini pou Distri Sid New York, epi li te travay nan pratik prive. Li te ale nan Amherst College ak nan Yale Law School.

**Barbara Bartoletti** te Direktè Lejislati pou Lig Elektè Fanm New York depi ane 1988, ak yon manm Lig Elektè Fanm yo depi ane 1978.

Regina Calcaterra pral sèvi kòm Direktè Egzekitif; Danya Perry pral sèvi kòm Chèf Anketè; Kelly Donovan pral sèvi kòm Konseye Prensipal, epi John Amodeo pral sèvi kòm Direktè Lejislatif.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418